

**Kisa Ki Sendwòm enflamatwa milti-sistèm (MIS-C) ye sou timoun?**

Se yon nouvo pwoblèm sante yo obsève sou timoun ki sanble gen rapò avèk COVID-19 nan yon fason. Lè sistèm defans yon timoun ap eseye geri ap eseye geri nan yon enfeksyon COVID-19, li ka reponn yon fason egzajere nan enfeksyon ki lakòz enflamasyon anplis ki nan ògàn timoun nan. Yo te konpare MIS-C avèk yon lòt maladi ki ra sou timoun avèk yon repons sanblab nan enflamasyon an, maladi Kawasaki, paske li gen kèk nan menm sentòm yo.

**Kisa sentòm yo ye nan MIS- C?**

- Doulè nan vant san eksplikasyon
- Toulède zye yo sanble roz oubien wouj
- Gangliyon (glann) ki vin gwo nan kou a
- Lafyèy pandan plizye jou sou yon tibebe, epi pa gen lòt eksplikasyon ki idantifye
- Bouch moun nan fan, li wouj, oswa Lang nan wouj ki sanble avèk yon frèz
- Gratèl
- Men anfle ak pye anfle ki ta ka wouj tou

Sonje pou fè pedyat ou konnen si rezilta tès pitit pou COVID-19 te pozitif oswa si timoun nan te ekspozè nan viris la. Pedyat ou ap fè ou konnen si li kapab wè pitit ou nan klinik li oswa si ou bezwen ale nan depatman ijans avèk timoun nan.

**Ki definisyon MIS-C?**

- Yon moun ki gen laj <21 ane ki gen lafyèy, prèv enflamasyon dapre tès laboratwa, ak prèv maladi grav sou plan klinik ki bezwen etèn nan lopital, avèk milti-sistèm(>2)(kadyak, renal respiratwa, ematolojik, gastwo-entestinal, dèmatolojik, oswa newolojik); EPI
- Pa gen lòt kalite dyagnostik ki posib; EPI
- Rezilta moun nan te pozitif pou COVID-19 oswa moun nan te ekspozè nan COVID-19 nan dènye 4 semèn yo anvan kòmansman sentòm yo

**Èske MIS-C kontajye?**

Non. Timoun nan te ka gen enfeksyon kowonaviris anvan. Kèk timoun ki gen MIS-C gen COVID-19 nan moman an epi yo toujou kontajye, kèk te gen antikò ki sijere yo te gen enfeksyon anvan epi kèk lòt timoun pa t gen prèv enfeksyon yo genyen nan moman an oswa enfeksyon yo te genyen anvan. Men, MIS-C sèlman pa kontajye.

**Èske ou bezwen gen yon lòt pwoblèm sante pou pran MIS-C?**

Non. MIS-C pa sanble antre sèlman sou timoun ki deja gen yon lòt maladi kwonik oswa yon pwoblèm medikal enpòtan.

**Si mwen panse pitit mwen gen MIS-C, kisa mwen ta dwe fè?**

Si ou panse pitit ou gen MIS-C, ou ta dwe kontakte doktè pitit ou oswa pedyat li imedyatman. Fanmi yo ki gen yon timoun ki gen yon maladi grav pa ta dwe pèdi tan pou chèche swen sante epitou yo ta dwe chèche atansyon imedyatman nan saldjans ki pi pre yo.

**Si pitit mwen te malad anvan (avèk yon rezilta tèst pozitif pou COVID-19 oswa pa gen tèst ditou), men li REFÈ kounye a, èske mwen ta toujou dwe fè pwofesyonèl swen sante pitit mwen tcheke li?**

Non. Ou ta dwe chèche swen sante pou pitit ou si pitit ou vin malad epi li toujou gen yon lafyèv fò ki dire plizye jou. Rele pwofesyonèl swen sante pitit ou epi chèche atansyon medikal imedyatman.

**Èske MIS-C patikilye pou timoun?**

Pou kounye a nou pa konnen si sendwòm enflamatwa multi-sistèm patikilye pou timoun oswa si li parèt sou adilt yo tou.



Boston Public Health Commission | Infectious Disease Bureau

1010 Massachusetts Avenue | Boston, MA 02118 | [www.bphc.org](http://www.bphc.org) | 617-534-5611

MIS-C | Haitian Creole | May 2020